

Konnen Anvan Ou Ale

Rete Enfòmè sou Kalite Lè a nan Filadèlfi

Nan Filadèlfi, jou ki gen move kalite lè yo ra, men yo rive kanmenm. Li enpòtan pou ou rete enfòmè epi konnen kisa pou fè lè kalite lè a pa bon, pou ou ka rete an sekirite epi an sante.

Kisa kalite lè a ye?

Yo mezire kalite lè a atravè kantite polisyon ki nan lè a. Lè polye ka lakòz tous, souf kout, epi rann respirasyon pi difisil. Sa se laverite sitou pou moun ki gen maladi kwonik, tankou opresyon.

Ki sa ki lakòz move kalite lè a?

Anpil bagay ka lakòz move kalite lè a, tankou gwo dife, lafimen ki soti nan machin, ak konstrikasyon.

Ki jan yo mezire kalite lè a?

Endèks Kalite Lè a (IQA) se yon zouti yo itilize pou mezire kalite lè deyò a. Li ba w enfòmasyon sou nivo pwoprete lè deyò a epi si gen nenpòt efè ki bay enkyetid sou sante.

AQI a itilize sis nivo enkyetid ki gen kòd koulè, koulè ki pi fonse ak nimewo AQI ki pi wo vle di lè a pi polye epi pi danjere.

Nivo Enkyetid Sante AQI A	Valè Nimerik	Definisyon
Bon	0-50	Kalite lè a satisfèzan, epi polisyon lè a pa poze anpil risk ni prezante okenn risk.
Modere	51-100	Kalite lè a akseptab, men moun ki sansib anpil fasa polisyon yo ka an danje.
Pa Bon Ditou pou Gwoup ki Sansib yo	101-150	Manm ki nan gwoup sansib yo ka genyen pwoblèm sante.
Pa Bon pou Sante	151-200	Kèk manm nan piblik la ka genyen pwoblèm sante yo.
Pa Bon pou Sante Ditou	201-300	Notifikasyon sou sante: Risk pou pwoblèm sante yo ogmante pou tout moun.
Danjere	301+	Avètisman sante pou sitiyasyon ijans yo: Tout moun gen plis chans pou yo afekte.

Tcheke kalite lè nan zòn ou an!

Breathe Philly se yon rezo sou kontwòl kalite lè an tan reyèl nan tout Filadèlfi ki bay mezi sou kalite lè egzat, chak èdtan, kèlkeswa kote w ap viv la, travay, oswa detann ou nan vil la.

- 1 Eskane kòd QR a.
- 2 Vizite lyen ki anba a.

phila.gov/breathephilly

